

### KIJAN MWEN KA JWEN SÈVIS AVOKA GRATIS?

- Projé "Put Something Back" (PSB) la bay asistans avoka gratis a moun ki gen revni piti epi ki gen problèm legal sivil.
- Pou ou jwen on avoka ki soti nan PSB ou dwe ale nan entéviou nan youn nan lokasyon ki fikse anba paj sa-a. Pote prév revni ou, idantifikasyon epi ninpòt papye ki gen pou wé ak problèm legal ou a. Si ou pa pale Anglé, epi projé a pa gen on entéprèt, ou dwe vini ak entéprèt pa ou. Yo pral resevwa on kantite moun limite, baze sou moun ki vini anvan ou nan lokalite ou ye a.
- On anplwaye ki gen ekspéryans ap entéviouwe ou pou li ka deside si ou elijib dapré finans ou pou on avoka PSB, epi si wi ou non ou gen kalite problèm legal ke projé a trete.
- Si ou kalifye epi yo deziye on avoka pou ou, yo pral voye on lét pou ou ki pral di ou ki nom avoka ou a epi nimero telefòn-n li. Ou dwe rele avoka-a pou ou pran on randevou. Si ou kalifye, men ou pa resevwa on lét nan kat semén-n, rele 305-579-5733 pou éd.
- **PSB Intake Locations // Kote PSB Gen Entéviou Yo:**

South Dade Justice Center (Dyé do Tribinal la) 10710 SW 211 Street, Room 2-3 Cutler Ridge, Florida <b>1<sup>st</sup> &amp; 3<sup>rd</sup> LENDI chak mwa</b>	Joseph Caleb Center 5400 NW 22 Avenue Miami, Florida *Siyen nan sal datant lan. Epi ale nan Chan-m 306 <b>1<sup>st</sup> MADI chak mwa</b>
Legal Aid Society Put Something Back Office 123 N.W. First Avenue Miami, Florida <b>MADI epi JEDI</b>	Blanche Morton Neighborhood Center 300 E. 1 <sup>st</sup> Avenue, Room 109 Hialeah, Florida <b>1<sup>st</sup> JEDI chak mwa</b>

# SOSYAL SEKIRITE DIZABILITE & LAJAN SEKIRITE SIPLEMANTÉ



**Disability Law Project  
Legal Services of Greater Miami Inc.  
3000 Biscayne Boulevard, Swit 500  
Miami, Florida 33137  
(305) 576-0080  
[www.lsgmi.org](http://www.lsgmi.org)**

**Devwe Li Avék Pasyon Pou Jistis Pou Tout Moun**

**KIJAN MWEN KA APLIKE POU SOSYAL SEKIRITE DIZABILITE epi /o sinon LAJAN SEKIRITE SIPPLEMANTÉ(SSI)?**

- Ou ka aplike pou benefis sa yo nan biro Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA) ou a ki nan lokalite ou.
- On fwa ke ou aplike, SSA pral mande enfòmasyon konsènan tretman medikal ou yo epi eksperyans travay ou anvan sa. Ou dwe repon-n a tout deman-n pou enfòmasyon sa yo. Si ou pa bay SSA enfòmasyon sa-a li ka fé ke yo refize ka ou a.
- SSA pral pran 4 rive 8 mwa pou li pran on desizyon konsènan aplikasyon ou an.

**KI SA MWEN KA FÉ SI YO REFIZE APLIKASYON MWEN POU SOSYAL SEKIRITE DIZABILITE epi/o sinon SSI?**

- Ou gen swasant (60) jou pou ou fé apél a aplikasyon pou benefis ou yo ki te refize.
- Ou ka fé apél lé ou ranpli on Deman-n pou Rekonsiderasyon nan biro lokal SSA ou. Asire ou pou ou genyen on so ki genyen dat sou li ki di ou te fé on Deman-n. Sa se prév ou ke ou te fé on apél.
- SSA pral pran 5 rive nan 6 mwa pou li pran on desizyon sou Deman-n Rekonsiderasyon ou an.
- SSA ka mande ke youn nan dokté li yo ekszamine ou pou li ka jwen plis enfòmasyon konsènan enformation deteryorasyon medikal ou a. Ou ta dwe asire ou ke ou ale nan tout randevou ki fikse pou ou.

**KI SA MWEN KA FÉ SI YO REFIZE DEMAN-N MWEN POU REKONSIDERASYON?**

- Ou pral gen swasant (60) jou ankò pou ou fé apél a desizyon sa-a.
- Ou ka fé apél lé ou ranpli Deman-n Jijman-an avék on Jij Dwa Administratif SSA ki nan lokalite ou. Asire ou ke ou kenbe pou dosye pésonél ou on fotokopi apél la ki gen on so epi dat apél la sou li. Sa se prév ou te fé apél.
- On fwa ke ou fé Deman-n pou Jijman-an ka ou a pa transfere nan Biro "Office of Disability Adjudication and Review" (ODAR).
- ODAR pral pran a pe pré 24 mwa pou li fikse ka ou a poujijman avé Jij Dwa Administratif la (ALJ).

- Ou ka rele (305)536-5761 pou stati ka ki ap tan-n ou a.

**SA KI PASE NAN JIJMAN ODAR LA?**

- Li tré bon pou ou genyen on avoka reprezante ou nan jijman ou an, men li pa nesesé. Ou ka reprezante tèt ou si ou pa geyen on avoka.
- Nan anpil ka, on ekspé medikal epi/o sinon vokasyonél pral la nan jijman ou an. Ekspé medikal la pral temwaye ke ou genyen on dizabilite. Ekspé vokasyonél la pral temwaye konsènan abilite ou baze sou ansyen travay ou a, epi si wi ou non ou ka fé lòt kalite travay.
- ALJ pral pran a pe pré 2 rive 4 mwa apré jijman-an pou li pran on desizyon.

**KI SA KE MWEN KA FÉ SI ALJ RAN-N ON DESIZYON KI PA FAVORAB?**

- Ankò on fwa ou pral gen swasant (60) jou pou ou fé apél a desizyon an.
- Ou ka fé on Deman-n pou Revizyon Desizyon Jijman-an/ Lòd la nan biro SSA ki nan lokalite ou a. Asire ou ke ou kenbe on fotokopi deman-n lan ak tout so epi dat ou te fé apél la sou li. Sa se prév ke ou te fé apél la.
- On fwa ke ou fé apél la, yo pral transfere ka ou a nan "Appeals Council" la. "Appeals Council" la pral pran 18 rive 24 mwa pou li fikse ka ou a pou on jijman avék on Jij Dwa Administratif (ALJ).

**KOUMAN MWEN KA FÉ POU MWEN JWEN ON AVOKA ASISTE MWEN NAN JIJMAN MWEN AN?**

- Ou ka jwen on avoka a ninpòt ki moman nan aplikasyon posedi sa-a. Sepandan, anpil nan avoka yo ap aksepte ka ou a on fwa ke ou fé Deman-n Jijman ou an avék on Jij Dwa Administratif.
- Ou ka kontakte "Miami-Dade Lawyer Referral Service" nan (305) 350-5297 de fason pou ou jwen on avoka prive ki pou asiste ou avék aplikasyon SSI epi/o sinon Sosyal Sekirite dizabilite ou a. Ou dwe peye \$25.00 an avans pou ou ka jwen on referal pou on avoka. Tanpri rele nimero telefòn-n yo pou ou ka jwen plis enfòmasyon konsènan sévis sa-a.

- Ou ka chache nan paj jaun tou nan liv telefòn-n nan pou on avoka prive. Nou

sigjere tou ke ou verifye avék zanmi ou epi fanmiy pou on nom avoka ke yo

ka rekòmande ou.



